

# Diskriminasyon sou Baz Sèks

## OFCCP Pwoteje w nan Ka Diskriminasyon ki Baze sou Sèks

*Biwo Program Federal pou Konfòmite Kontra yo [The Office of Federal Contract Compliance Programs (OFCCP)] ap aplike Lòd Egzekitif 11246 lan, jan li amande an, ki entèdi pou kontratè ak sou-kontraktè federal yo diskrimine kont anplwaye yo ak moun k ap aplike pou anplwa yo sou baz sèks yo.*

### 1. Kisa ki se diskriminasyon ki baze sou sèks?

An jeneral, diskriminasyon nan anplwa egziste kote yon patwon ap trete w, antank yon anplwaye oubyen aplikan ak mwens favè akòz sèks ou. Diskriminasyon kapab egziste tou kote politik oubyen pwosedi aparamman nòmal yo gen yon enpak ase negatif sou anplwaye yo oubyen moun k ap aplike pou travay yo akòz sèks yo.

### 2. Èske patwon m lan kapab trete m yon fason diferan oubyen ban mwen avantaj sosyal diferan sou baz sèks mwen?

Non. Kontraktè yo pa kab peye w yon fason diferant, epi yo pa kab nonpli ba w avantaj sosyal diferan ki baze sou sèks ou. Pa egzanp, yo pa kab anpeche w jwenn travay siplemantè, fòmasyon, pozisyon kote w kab touché plis kòb akòz sèks ou. Avantaj sosyal yo kote nou jwenn sèvis medikal, lopital, pou aksidan, aspirans lavi, avantaj pou pansion, plan pou pataj pwofit ak bonis; vakans; epi lòt kondisyon ak privilèj nan anplwa.

### 3. Èske kontraktè yo kab trete anplwaye yo yon fason diferan sou baz estereyotip seksyèl?

Non. Kontraktè yo pa kab itilize estereyotip pou yo trete w enjisteman paske w pa reyisi satisfè sa y ap tann lan konsènan fason fanm yo oubyen gason yo ta dwe sanble oubyen aji oubyen ki kalite travay gason oubyen fanm ta dwe fè.

### 4. Èske moun sa k ab bay swen yo, yo gen pwoteksyon kont diksriminasyon ki baze sou sèks?

Wi. Kontraktè yo pa kab trete w yon fason diferant sou baz sipozisyon estereyotip konsènan responsabilite w nan bay swen. Pa egzanp, antreprenè yo pa kab anpeche manman yo jwenn opòtinite pou anplwa sa ki disponib pou papa yo, oubyen anpeche papa yo fè bon aranjman ak travay sa ki disponib pou manman yo.

### 5. Èske patwon m lan genyen pou l ban mwen aksè egal pou opòtinite nan anplwa ak nan devlòpman?

Wi. Antreprenè yo dwe ba ou aksè egal pou opòtinite nan travay ak nan devlòpman. Yon antreprenè pa dwe etabli egzijans sa ki baze sou sèks, amwenske kontraktè an kapab montre ke se sèlman gason yo oubyen fanm yo ki kab satisfè egzijans an konsidérasyon sa yo. Anplis sa, yon antreprenè pa kab etabli egzijans k ap afekte moun k ap aplike pou travay yo yon fason negative akòz sèks yo, amwenske egzijans sa yo gen rapò ak travay lan oubyen yo nesesè. Antreprenè yo pa kab refize w jwenn fòmasyon, pozisyon nan travay, oubyen lòt opòtinite nan devlòpman ki kab ede w avanse ale nan pozisyon kote w kab touche plis kòb sou baz sèks ou.

### 6. Èske OFCCP pwoteje m kont arasman seksyèl anfas antreprenè yo?

Wi. Arasman seksyèl se yon fòm diskriminasyon seksyèl. OFCCP pwoteje w kont kozman seksyèl tankou avans yo kab fè w oubyen mande w pou favè seksyèl, remak ofansif ki gen rapò ak sèks, epi lòt kozman oubyen kondwit dezagreyab ki baze sou sèks. Konpòtman sa yo anba entèdiksyon lè kontraktè an plase yo kòm kondisyon pou l anplwaye w; lè yon antreprenè itilize soumisyon w anfas kondisyon sa yo, oubyen lè w refize, kòm baz desizyon sa l ap pran pou l anplwaye w yo; oubyen lè konpòtman sa yo entèfere yon fason ki pa rezonab avèk randman w nan travay ou, oubyen yo kreye yon anviwònman travay ki entimidan, agresif oubyen ofansif.

### 7. Kijan OFCCP pwoteje fanm ansent ak manman nouris yo?

Pou anplwaye federal yo ak moun k ap aplike pou pozisyon sa yo, genyen pwoteksyon kont diskriminasyon, avèk pam yo, pèdi travay, salè, ak kouvèti pou swen sante, akòz gwosè, akouchman, oubyen lòt kondisyon nan kozman medikal nan ka sa yo.. Anplis sa, antreprenè yo dwe akomode plas travay yo pou fanm ansent ak fanm ki akouche, oubyen pou lòt kondisyon medikal nan ka sa yo, selon sikostans yo, lè antreprenè yo bay akomodasyon ki konparab pou lòt travayè, tankou moun ki gen enfimite oubyen ki blese nan travay lan.



## **8. Kijan OFCCP pwoteje transjan oubyen transèks yo?**

Antreprenè yo anba entèdiksyon pou y ap fè diskriminasyon sou baz jan yon moun idantife sèks li. Kontraktè yo dwe pèmèt pou anplwaye ak aplikan yo itilize twalèt, chanje chanm yo, douch, ak lòt fasilité menmjan yo selon nan ki gwoup sekSYÈL yon moun idantife tèt li. Anplis sa, antreprenè ki bay avantaj nan plan swen sante pa dwe limite kouvèti sa yo sou baz idantifikasyon oubyen sitiayson sèks moun yo.

## **9. Ki moun OFCCP pwoteje?**

OFCCP pwoteje dwa anplwaye ak aplikan yo pou travay nan konpayi yo k ap fè biznis avèk gouvenman federal la. Sa gen ladan anplwaye yo nan bank, konpayi enfòmasyon teknoloji, izin anbalaj vyann, magazan an detay, izin fabrikasyon, konpayi kontablite, ak konpayi konstwiksyon, pamì lòt yo.

## **10. Kisa mwen kab fè si m kwè patwon m lan ap poze zak diskriminasyon kont mwen akòz sèks mwen?**

Si w panse gen zak diskriminasyon kont ou nan anplwa, oubyen kote w ap aplike pou anplwa, ou kap ale depoze yon plent nan biwo OFCCP an. Ou pa bezwen konnen avèk sètidit si patwon w lan se yon kontraktè oubyen yon sou-kontraktè federal pou w depose yon plent kont li.

## **11. Kijan mwen pote yon plent devan OFCCP?**

Ou kapab pote yon plent diskriminasyon lè ou:

- Ranpli ak soumèt yon fòmilè nan entènèt lan atravè sitwèb OFCCP a;
- Ranpli yon fòmilè anpèsonn nan biwo OFCCP a; oswa
- Lè ou ranpli ak voye yon fòmilè konplè pa lapòs, nan imèl, oswa nan faks bay biwo rejjonal OFCCP a kote diskriminasyon swadizan an te rive.

Fòmilè a disponib nan entènèt nan sitwèb <http://www.dol.gov/ofccpregs/compliance/pdf/pdfstart.htm> ak nan fòma papye nan tout biwo OFCCP yo. Pi jwenn biwo a ki pi prè ou, ale nan anyè nan biwo OFCCP yo <http://www.dol.gov/ofccp/contacts/ofnation2.htm>.

Sonje byen pou siyen fòmilè plent konplè ou. Si ou echwe pou fè sa, OFCCP pral toujou trete plent ou men yon anketè OFCCP pral mande ou pou siyen fòmilè a pandan yon entèvyou swivi. Yo dwe pote plent yo k ap deklare diskriminasyon baze sou ras, koulè, reliyion, sèks, oryantasyon sekSYÈL, idantite sèks, oswa oriijin nasyonal nan lespas 180 jou yo depi dat diskriminasyon swadizan

an, amwenske yo pwolonje peryòd la pou pote plent la poutèt rezon valab. Yo aplike menm peryòd 180-jou a bay plent sou diskriminasyon swadizan yo pou diskisyón, divilgasyon, oswa kesyon sou salé.

## **12. Èske anplwayè mwen kapab revoke, refize ogmantasyon, oswa trete mwen nan yon fason mwens favorab poutèt mwen te pote yon plent?**

Non. Se ilegal pou anplwayè ou pran vanjans kont ou poutèt ou te pote yon plent oswa ap patisipe nan yon ankèt. Règleman OFCCP yo pwoteje ou kont asèlman, entimidasyon, menas, presyon oswa vanjans pou lè ou afime dwa ou yo.

## **13. Èske mwen kapab pote yon plent diskriminasyon devan toude OFCCP ak Komisyón an pou Opòtinite Egal nan Anplwaman / Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)?**

Wi, si ou pote plent la devan toude OFCCP ak EEOC, se ajans awopriye a ki pral fè ankèt la sou plent ou.

Anjeneral, OFCCP kenbe prive plent yo pote devan li kont kontraktè federal yo k ap deklare diskriminasyon baze sou oryantasyon sekSYÈL oswa idantite sèks yon moun. Epitou anjeneral, OFCCP kenbe prive plent yo pote devan li kont kontraktè federal yo kote li parèt yo gen yon abitid fè diskriminasyon k ap afekte yon gwoup anplwaye oswa aplikan yo, ak sa yo ki deklare diskriminasyon baze sou enfimite (andikap); sitiayson veteran; oswa baze sou poze kesyon sou, diskisyón sou, oswa divilgasyon nan salè yon moun.

## **14. Kisa ki pral rive si yo rezoud ke mwen te yon viktim nan diskriminasyon anplwaman?**

Ou kapab gen dwa jwenn yon solisyón ki mete ou nan yon pozisyon kote yo ta gen bay ou si diskriminasyon an pa t janm rive. Yo kapab gen dwa anboche, pwomote, re-anboche, oswa re-asiyen ou. Epitou, ou kapab gen dwa resevwa peman an aryè, peman alavans, yon ogmantasyon nan salè oswa kèk kombinezon nan tout solisyón sa yo. Anplis, si OFCCP jwenn ke kontraktè oswa sou-kontraktè a te fè diskriminasyon kont ou, OFCCP kapab fè demach pou eskli oswa entèdi oswa retire konpayi nan konsiderasyon pou jwenn kontra federal yo nan pidevan an oswa anile kontra aktyèl oswa modifikasyon kontra konpayi a.

**Pou jwenn plis enfòmasyon:**

THE U.S. DEPARTMENT OF LABOR

**Office of Federal Contract Compliance Programs**

200 Constitution Avenue, NW

Washington, D.C. 20210

1-800-397-6251

TTY: 1-877-889-5627

[www.dol.gov/ofccp](http://www.dol.gov/ofccp)

Tanpri sonje ke fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon jeneral. Yo pa t kreye li pou ranplase lwa ak règleman aktyèl yo konsènan pwogram sa a.

